

“Pitit fi wayòm mwen yo”: Istwa ak travay Sosyete Sekou

Pa Julie B. Beck

Prezidan Jeneral Sosyete Sekou

Etidye istwa Sosyete Sekou a bay definisyon ak ekspresyon sa nou ye antanke disip ak moun k ap suiv Sovè nou an, Jezikri.

Reyinyon sa a se yon kado pou tout pitit fi Papa nou ki nan Syèl la ki anvi aprann konnen lespri li ak volonte li ak konprann responsablite yo nan plan sa a. Mwen te vizite plizyè nan nou ane k sot pase a, e kè m te touche lè te gade nan je nou, anbrase nou, ri avèk nou, kriye avèk nou, ak koute chagren nou, lajwa nou, ak triyonf nou. Nou chak presye depase deskripsyon e Papa nou ki nan syèl la konnen nou. Antanke pitit fi Bondye, n ap prepare pou randevou etènèl nou e nou chak gen yon idantite, nati, ak responsablite feminen. Siksè fanmi yo, kominote yo, legliz sa a, ak plan sali presye a depann sou fidelite nou. O, chè sè! Ala nou renmen nou e nou priye pou nou!

Nou tout nan mitan yon egzistans mòtèl trè pèsònèl. De sè m te rankontre sa pa gen lontan reprezante kijan pou viv fidèlman nan sikonstans diferan. Yon sè ap viv nan yon bèl kay nan sant Brezil. Kay an brik wouj li a, ki chita nan yon lakou tè wouj, antoure pa yon mi blòk wouj se yon refij ak yonabri kont mond la deyò a. Pitit je klere l yo konnen kijan pou yo chante chak Primè yo, e sou mi lakay li genyen foto Sovè a, tanp, ak pwofèt Bondye yo, ke yo koupe nan revyè *Lyawona*. Li menm ak mari li te fè sakrifis pèsònèl pou yo te sele nan tanp pou pitit yo te kapab fèt nan alyans lan. Li te di m ke l priye tout tan pou Senyè a ba l ase fòs ak enspirasyon pou elve pitit li yo nan limyè, verite, ak fòs levanjil la.

Yon lòt sè ap viv poukont li nan yon ti apatman tou piti nan 80tyèm etaj yon bilding nan Hong Kong. Li gen kèk difikilte fizik men li trè endepandan. Li se sèl manm Legliz la nan fanmi li. Sou yon ti etaj li gen liv ekriti l yo, manyèl Sosyete Sekou li, ak lòt liv legliz la. Li kreye yon refij ranpli ak Lespri lakay li, epi li se yon limyè pou tout moun nan branch li.

## Avètisman

Nou konnen ke anpil sè ap viv nan sikonstans opresan ak danjere. Genyen ki toujou grangou, epi gen kèk ki oblije jwenn kouraj chak jou pou kontinye nan lafwa malgre desepsyon ak trayizon lòt moun. Paske n ap viv nan dènye jou yo sou tè sa a, gen siy gwo lit toupatou. Gen anpil move enfòmasyon ak move entèpretasyon konsènan fòs, objektif, ak pozisyon fi Sen Dènye Jou yo. Move enfòmasyon ki kouran yo enplike ke nou gen mwens enpòtans pase gason yo, ke nou jeneralman janti men mal enfòmè, e kèlkeswa sa nou fè, sa pap janm ase pou Papa nou ki nan Syèl la aksepte nou. Jan Apot Pyè te di a, gen “fo enstriktè pami nou, ki an sekre ap rale chatiman sou tèt yo k ap detwi yo, ki menm vire do bay Senyè a ki rachte yo a.”<sup>1</sup>

Liv Mòmon an dekri sa k ap rive a:

“Paske gade, jou sa a, [Satan] pral anraje nan kè pitit lèzòm, e li pral pwovoke yo nan kòlè kont bagay ki bon.

“Epi gen lòt moun li pral fè lapè, pou l andòmi yo nan yon sekirite chanèl, e yo pral di: Tout bagay byen nan Siyon; wi, Siyon ap pwospere, tout bagay byen---se konsa dyab la pral vòlè nanm yo, pou l mennen yo desann nan lanfè avèk prekosyon.

“Epi gade, gen lòt moun li pral flate, li pral di yo pa gen lanfè; e li di yo: M pa dyab, paske pa gen okenn dyab---se konsa li chichote nan zòrèy yo, jistan l mare yo avèk chenn terib li yo.”<sup>2</sup>

Nan klima jistifikasyon tèt, eskiz, endiferans ak tantasyon k ap grandi sa a, pitit fi Bondye yo ki pap veye, priye ak enspire yo trè ekspoze pou vin tounen sa ekriti yo dekri kòm “fi espri fèb”<sup>3</sup> yo k ap adore “yon pakèt bondye etranje.”<sup>4</sup> Sa k pi tris la sèke, kòm rezilta difikilte lavi yo ak fos kwayans popilè mond lan, anpil sè kwè nan manti yo plis pase nan verite a. Anpil demontre ke yo pa aliyen yo avèk plan Bondye a lè nou wè yo pap fè bagay esansyèl yo tankou priye ak li ekriti yo. Senyè a li menm di ke sa se “yon jou avètisman, se pa yon jou pawòl anpil.”<sup>5</sup>

## **Sosyete Sekou te òganize pou l yon defans ak yon refij**

Pou l kapab pwoteje, anseye, ak enspire pitit fi l yo nan tan peril sa yo, Bondye te otorize Pwofèt Joseph Smith pou l te òganize fi yo nan legliz la. Òganizasyon divinman etabli sa a, epi ki dirije pa Prèttriz la rele Sosyete Sekou.

Bi Sosyete Sekou se pou prepare pitit fi Bondye yo pou benediksyon lavi etènèl yo pandan y ap grandi nan lafwa ak ladwati pèsònèl, fòtifye fanmi ak fwaye, ak chèche konnen ak ede lòt moun ki nan bezwen.

Sosyete Sekou klarifye travay nou epi ini nou antanke pitit fi Bondye nan defans plan li a. Nan epòk idantite pèsònèl enkorèk, konfizyon, ak distraksyon sa a, Sosyete Sekou la pou l se yon konpa ak yon gid pou anseye fi fidèl yo laverite. Fi dwat yo jodi a ap chèche yon devèsman revelasyon pou yo ka reziste anba distraksyon, batay kont mechanste ak destriksyon espiritiyèl, epi leve anlè dezas pèsònèl nan ogmante lafwa yo, fòtifye fanmi yo, ak pote sekou bay lòt moun.

## **Istwa ak travay Sosyete Sekou**

Prezidans nou an te priye, jene, medite, ak reyini avèk pwofèt, vwayan, ak revelatè yo pou aprann sa Bondye ta renmen nou fè pou ede pitit fi l yo rete solid anfas “kalamite ki dwe tonbe sou abitan latè yo.”<sup>6</sup> Yon repons vini ki di ke sè yo nan legliz la dwe konnen ak aprann apati istwa Sosyete Sekou. Konprann istwa Sosyete Sekou ap fòtifye idantite ak valè fondal natal fi fidèl yo.

Kòm konsekans, gen yon istwa Sosyete Sekou pou Legliz la k ap fini epi ki pral disponib ane pwochèn. An atandan sa, istwa Sosyete Sekou a ap resevwa pi plis atansyon tankou nan paj vizit nan fwaye yo nan *Lyawona*. Preparasyon istwa a sete yon eksperyans enspire ak revelatwa.

Pandan nou t ap etidye istwa Sosyete Sekou a, nou te aprann ke vizyon Senyè a ak bi li pou Sosyete Sekou se pa t yon reyinyon andòmi jou Dimanch. Li te gen nan lespri li yon bagay pi, pi gran pase yon klèb fi oswa yon gwoup amizman ak enterè espesyal.

Li te antann pou Sosyete Sekou ede bati pèp li a epi prepare yo pou benediksyon tanp yo. Li te etabli òganizasyon sa a pou aliye pitit fi l yo avèk travay lie pi pou mande èd yo nan bati wayòm ni an ak fòtifye fwaye Siyon yo.

### **Istwa a anseye nou kiyès nou ye**

Nou etidye istwa nou pou n aprann kiyès nou ye. Gen yon grangou mondyal nan pami bon fi yo pou konnen idantite yo, valè yo, ak enpòtans yo. Etidye istwa Sosyete Sekou a bay defini ak eksprime kiyès nou ye antanke disip ak moun k ap suiv Sovè nou an, Jezikri. Fidelite nou ak sèvis nou se siy konvèsyon nou ak angajman nou pou sonje li ak suiv li. An Jiyè 1830, nan kòmansman Retablisman Legliz li a, Senyè a te chwazi premye dirijan fi dispansasyon sa a, epi, nan yon revelasyon, li te di li: “M ap pale avèk ou, Emma Smith, pitit fi m nan; paske, gade, m di ou konsa, tout moun ki resevwa levanjil mwen an se pitit gason ak pitit fin an wayòm mwen an.”<sup>7</sup>

Istwa Sosyete Sekou anseye nou ke Papa nou ki nan Syèl la konnen pitit fi l yo. Li renmen yo, li te ba yo responsablite espesifik, epi li te pale avèk yo epi gide yo pandan misyon yo te sou tè a. Epitou, istwa Sosyete Sekou elve ak valide pozisyon fi yo epi l demontre kijan yo travay ansanm avèk dirijan Prètiz fidèl yo.

### **Istwa a anseye nou kisa nou dwe fè**

Nou etidye istwa nou pou n aprann kisa nou dwe fè. Atravè istwa nou, nou aprann kijan pou n prepare pou benediksyon lavi etènèl yo. Sosyete Sekou antanke yon òganizasyon te toujou gen responsablite pou òganize enèji sè yo nan pawas ak branch Siyon yo. Pa mwayen reyinyon Sosyete Sekou yo, ministè enstriktris nan fwaye yo, ak sèvis konbine yo, pitit fi Bondye yo anseye, pwoteje, ak enspire nan responsablite yo nan travay Senyè a ak wayòm ni an. Prezidan Sosyete Sekou pawas yo ak branch yo resevwa mizapa pou dirije travay sa a.

Sa gen ennan nan reyinyon sa a, yo te anonse règleman konsènan reyinyon Sosyete Sekou yo. Nou kontan pou n rapòte ke nan pifò pawas ak branch toupatou nan mond lan, prezidans Sosyete Sekou yo ak sè yo anbrase règleman sa yo ak lespri a ki dèyè yo a. Sete yon lajwa pou n wè rajenisman objektif ak travay istorik Sosyete Sekou a. Nou wè yon grandisman nan diyete, idantite ak enterè Sosyete Sekou pandan ke tout reyinyon sè yo kounyeya senpleman rele e anonse sa yo ye a--- reyinyon Sosyete Sekou. Nou wè yon ogmantasyon lafwa ak ladwati pèsònèl, yon fòtifye nan fanmi yo ak fwaye yo, epi plis sekou ap ofri toujou pa sè Sosyete Sekou yo atravè reyinyon Sosyete Sekou yo. Tout règleman konsènan reyinyon Sosyete Sekou yo, vizit nan fwaye, ak lòt travay Sosyete Sekou yo gen fondasyon yo nan istwa Sosyete Sekou a epi yo apwouve pa Premye Prezidans lan.

Sete toujou responsablite Sosyete Sekou pou patisipe nan travay sali a. Depi nan kòmansman legliz retabli a, sè yo te la anpremye, andènye, epi toujou reponn ak sa k ap pase nan lavi chak jou yo. Sòti nan Sosyete Sekou, sè yo ale pou sèvi nan Primè, Jènfi, Lekòldidiman, ak nan lòt kote, e yo se poto limyè ak vèt pou jenerasyon k ap grandi a. Sèvis pèsònèl bati chak sè endividyèlman, epi sèvis ini dèmilyon fi fidèl kreye yon kokenn chenn fòs lafwa nan travay Senyè a. Istwa a montre ke depi nan kòmansman Retablisman an, sè yo te devan nan pataje levanjil la, epi yo kontinye travay sa a pandan y ap sèvi misyon, prepare jènjan ak jènfi pou sèvi misyon, ak envite

zanmi yo, vwazen yo, ak manm fanmi yo pou vin pataje benediksyon levanjil yo. Nou aprann tou nan istwa a ke Pwofèt Joseph Smith te itilize reyinyon Sosyete Sekou yo pou enstwi sè yo nan responsablite yo ak nan preparasyon pou tanp. Jodia, istwa famiyal ak travay tanp kontinye rete kèk nan obligasyon prensipal Sosyete Sekou.

Konpreyansyon nou sou bi istorik nou ede fi yo aprann bay bon jan priyorite pou yo pa “depanse lajan [yo] pou bagay ki san valè, ni travay [yo] pou sa ki pa kapab satisfè [yo].”<sup>8</sup> Sosyete Sekou te toujou gen responsablite pou fè jan Apot Pòl te anseye a: ---pou anseye jènfi yo pou kenbe tèt yo anplas, pou yo modere, ak chas epi pou anseye sa ki marye yo pou yo remen mari yo, renmen pitit yo, ak fòtifye lakay yo.<sup>9</sup> Istwa Sosyete Sekou a anseye nou pou nou pran swen bagay esansyèl yo ki pral sove nou ak sanktifye nou yo ak bagay ki nesesè pou fè nou otonòm ak itil yo nan wayòm Bondye a.

Yon tèm konstan atravè istwa nou sèke sè ki itilize pouvwa Sentespri yo aji selon enspirasyon Senyè a nan lavi yo epi yo resevwa revelasyon pou responsablite yo.

### **Istwa a ini fi fidèl yo**

Nou etidye istwa nou paske li ini fi fidèl yo. Istwa Sosyete Sekou a se yon istwa ranpli ak lespri fi solid, fidèl, detèmine. Antanke yon pati Legliz retabli Senyè a, nou kapab jwenn Sosyete Sekou kounyeya nan prèske 170 peyi. Chak fi grandèt nan Legliz Senyè a kapab resevwa responsablite serye ak enpòtan.

Jèn tifi yo ak jènfi yo nan Legliz la aprann fikse bi atravè pwogram Lafwa nan Bondye a ak Pwogrè Pèsonèl la, ki santre yo vè tanp ak responsablite yo demen. Nan Sosyete Sekou yo kontinye pwogrese ale nan benediksyon tanp ak lavi etènèl yo, nan ogmante lafwa yo ak ladwati pèsonèl yo, fòtifye fanmi yo ak fwaye yo, ak chèche ak ede moun ki nan bezwen. Sè fidèl yo aprann fè sa avèk tikal aplodisman oswa rekonesans pou travay y ap fè a. Se poutèt sa Sosyete Sekou fleri sou ansèyman Senyè Jezikri, ki di ke lè nou fè lacharite (oswa ofrann) ansekrè, Papa nou ki nan Syèl la, ki wè ansekrè ap rekonpanse nou ouvètman.<sup>10</sup>

Atravè istwa ak travay Sosyete Sekou, nou konekte avèk yon gwo konpayi sè, pitit fi Bondye ki jèn ak granmoun, rich ak pòv, save ak pa save, selibatè ak marye, solid ak inebranlab.

### **Konesans istwa a kapab ede nou chanje**

Nou etidye istwa a paske li ede nou chanje. Finalman, valè istwa a se pa sitèlman nan dat, epòk, ak plas li. Li valab paske li anseye nou prensip, bi, ak modèl nou dwe suiv, li ede nou konnen kiyès nou ye, ak kisa pou nou fè, epi li ini nou nan fòtifye fwaye Siyon yo ak bati wayòm Bondye a sou tè a. Sosyete Sekou, lè l opere nan yon fason enspire, kapab ranplase laperèz, dout, ak egoyis avèk lafwa, esperans ak charite. Pandan ke n ap fè travay Senyè a avanse, istwa Sosyete Sekou ap kontinye ekri pa sè fidèl toupatou nan mond lan. Senyè a ap fòtifye Sosyete Sekou nan tan n ap viv la epi prepare yon fiti gloriye pou pitit fi l yo.

Mwen rann temwayaj mwen konsènan reyalite Papa nou ki nan Syèl la ak Pitit Gason l lan,

Jezikri. Palentèmedyè Pwofèt Joseph Smith, bòn nouvèl sou idantite nou ak objektif nou, te retabli sou tè a. Nan non Jezikri, amèn.

Nòt

1. 2 Pyè 2:1.
2. 2 Nefi 28:20–22.
3. 2 Timote 3:6.
4. Jozye 24:23.
5. Doktrin ak Alyans 63:58.
6. Doktrin ak Alyans 1:17.
7. Doktrin ak Alyans 25:1.
8. 2 Nefi 9:51.
9. Gade Tit 2:4–5.
10. Gade Matye 6:4; 3 Nefi 13:4.